

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA :

1 taoen f 6,—
1/2 " f 3,—
3 woelan f 1,50
Kénging mbajar saban woelan

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja f 36,—
1/2 " f 18,65.
1/4 " 9,75.
1/8 " f 5,25.
Saladjengipoen : saban 1 cm² f 0,03;
sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premili alit - alitan : f 1,—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saban dinten Djoemowah.

Hoofdredacteur :

A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Cantius“ Djokja.

SAKING SESORAH IPOEN TOEAN
GATOT MANGKOEPRADJA.

Ngoedi menoenggilipoen poetra Indonesia?

Serat kaboh Aksi ingkang medal
dinten Djoemowah 23 October 1931
katja 2 verslag openbare vergadering
P. I. ing Soerabaja, koela manggih
oengel-oengelan makaten:

"Kemoedian diseroekannya, dja-
nganlah dikalangan kita sendiri ada
itoe semangat soeka menjerang tidak
bergoena dan memetjah-metjah sebab
memetjah toch soedah dikerdjakan
oleh lain fihak yang mempoenjai ke-
pentingan disini dengan meloeksakan
Agama Nasarani di Bali, soepaja
antara kita sama kita ada pertent-
angan Maloeka lawan Djawa;
Agama Kristen djoega disiarkan
di Batak, soepaja kita berbentoran
saudara-saudara Atjeh lawan Soe-
matra Barat dll. sbg."

Mangga para maos koela atoeri
menggali verslag ing nginggil
poenika!

Poenapa sesorah waoe pantjen
kadjengipoen angesti dateng sadjati-
ning persatoean sa Indonesia, poena-
pa pantjen namoeng badé njebar
widji anti agami Nasarani atetopeng
persatoean? Menawi pantjen ngarah
manoeengiling Indonesia Raja sadjati,
ndjoendjoeng Indonesia sadjati, mesti
boten badé kados makaten pangoe-
tjapipoen.

Jèn mila pantjen temen - temen
ngoedi manoenggil, boten berpetjah-
petjah, sesarengan ngoedi karta ra-
hardja lan kamardikaning tanah In-
donesia, mangga sesarengan ing
pandjonga, djer kita Boemipoetra
Nasarani Katoelik poenika oegi ang-
gadahi nationaal gevoel lan Vader-
landsch liefde. Poenika doemoenoeng
ing sadaja bangsa ingkang sampoen
tata.

Kedjawi jèn ingkang dipoen ka-
djengaken ing ngrikoe toemrap ka-
batosan (agami), angèl lamoen sa-
gedipoen kalampahan.

Poenapa spreker prakawis waoe
dèrèng naté mireng manawi saban
pradja ing sadonja sapoenika poeni-
ka mesti ra'jatipoen mawi agami
ingkang boten sami, malah inggih
katah ingkang tanpa agami; nanging
sadaja anggadahi katresnan dateng
tanah woetah rahipoen? Tjobi koela
atoeri mireng-mirengaken th. Djepang
Tiongkok, Eropa sadaja kradjan,

PARDJA RAHAJOE.

PEMIMPIN LAN RA'JAT.

Para noepiksa sampoen boten
kekilapan bilih swasana ing Indo-
nesia poenika sapoenikanipoen
noedjoni peteng. Mendoengipoen
ketingal angendanoeng ngraton, nga-
tawisi menawi badé djawah. Dja-
gading pakempalan sami morat-
marit, katah ingkang pedjah, tra-
djanging para panoentoen sami
pating blesar kados déné tanpa
toedjoe. Tijang ingkang ketingal
kénging pinatados sami pari paben,
pepetjrohan pijambakan. Mila inggih
boten lidok kados artikel ingkang
sampoen naté kawedar wonten ing
kolem "Watjana manéka warna" ing
"Sw - Tm" ngriki, bilih djagad In-
donesia sapoenika saweg peteng.

Dr. Soekiman contra dr. Samsi
(P. B. I.); Moh. Hatta contra "Partai
Indonesia"; dr. A. Rivai dipoenkro-
tjok ing ngakatah; Iss. tekshiw won-
ten malih ingkang ketingal boten
ngresepaken dateng paningalan ra'jat.
Samanten oegi kawontenaning
pakempalan inggih katah ingkang
boten njenengaken oepami: P. N. I.
biba boten kanti absah, déning na-
moeng kadajan poetoesianing djaksa
ing Bandoeng; B. O. kasapih ing
Mr. Singgih; P. G. H. B. angsal
concurrent P. G. I. (Persatoean Geo-
roe Indonesia); P. N. S. wonten sa-
lebetipoen crisis Iss.

Manoet reraosaning serat kabar
Ir. Soekarna mandar tekshiw dados
pepandangan, bédjing satedakipoen
saking pretapan, badé dateng poendi

Amerika enz. enz. lan oegi Indonesia
pijambak, oepami tanpa agami Na-
srani, poenapa lampah kabatosan
saged saijek sami? Koela petèk boten.
Jèn spreker badé mentjaraken
kawroehipoen kebatosan pijambak,
soedapos sami manoenggil kalijan ka-
antepanipoen, samangga. Nanging
sampoen njebar ingkang boten-boten:
njampoer radoek agami kalijan ka-
bangsan!

Manoet verslag waoe spreker
genah andakwa lan anetepaken bi-
lih agami Nasarani poenika namoeng
kanggé topeng sagedipoen metjah
Indonseia. Dados boten krana agami,
nanging krana tjetjongkrah, dados
oegi ateges: "divide et impera" (pilah-
pilah lan rèhen); doepèh ingkang
moelang waoe, bangsa sanès, ing-
kang oegi anggadahi raos kabang-
sanipoen pijambak. Nanging toemrap
moelang kawroeh agami Nasarani
(Katoelik) kaawisan nglebetaken ka-
bangsanipoen, malah oegi kosok-
wangsoelipoen.

Kados déné spreker lan djempolan
Indonesia sanèsipoen oegi sampoen
sami kawoelang ing bangsa sanès
nalika takshiw sami sekolah, senadjana
kénging invloed sekedik kalih kedik,
terkadang malah inggih katah, éwa
samanten sapoenika oegi malah da-
dos pemimpin pergerakan.

Boten katah - katah koela petika-
ken temboengipoen sadèrèk A. S. ing
Swara-tama 24 October 1930 pé-
ngetan Dalem Kangdjeng Sultan
nalika 10 taenan kados ing ngan-
dap poenika:

"Para sadèrèk! Hantjoeripoen
Mataram kedah kita tangisi. Kita
prihatosaken. Boten soesah tetah-
tetahan. Ingkang bakoe sapoenika
kedah ngoedi wangsoelipoen tanah
kita. Ngoedi kamardikanipoen Indo-
nesia"

Saban anakipoen Indonesia kedah
ngoedi prakawis kamardikan waoe.
Boten soesah satoenggal lan satoeng-
galipoen padoedoedon prakawis sra-
naning penggajoech."

Wosing rembag koela, mangga
sadaja agami sami netepana koewa-
djibanipoen pijambak² lan sesarengan
ndjoendjoeng tanah woetah-rah kita.

Noewoen Mardirahardja.

djoeroesanipoen, dateng partai Hatta,
poenapa dateng "Partai Indonesia",
poenapa dateng Eropa ngladjengaken
sinaoe meester in de rechten.

Ningali lelampahan - lelampahan
ing nginggil poenika, para ra'jat
poenapa boten ladjeng badé bingoeng
sesipatanipoen? Ingkang soewaoe
ra'jat sampoen tentrem, marem, ni-
ngali sawoeng-sawoeng Indonesia
ingkang mentas sami tedak saking
Eropa, babaran énggal tjap Mr. Dr.
Ir. Iss. Ing salebeting pepanggihan
lezing-lezing, wah, wah ingkang
badé sesorah waoe gadah titel Mr.
Dr. oetawi Ir. saweg mlampah da-
teng podium kémawon sampoen
dipoenkloki mawoerahan, sinoer-
rak matoenda - toenda sarwi alok-
alok: Hidoep Indonesia! Hidoep
bendera merah-poetih! Hidoep Mr.
Anoe enz. enz.

Margi saking poenapa? Boten lija
inggih mergi para ra'jat sami marem
manahipoen; lega, mongkok, ageng
manahipoen nggadahi sawoeng ba-
baran Eropa poenika.

Ing woesana sapoenika djeboel
salin salagal inggih leres, koela
inggih ngakeni bilih toedjoening
ra'jat tekshiw adjeg i. p. ngener ka-
mardikaning tn. Indonesia! Saman-
ten oegi penggalihanipoen para
pinitados, mesti inggih tekshiw nga-
rah, ngloeloes kamardikaning tanah
woetah rah! Nanging menawi katerak
ing mendoeng ingkang kados poe-
nika poenapa boten badé mindak
rendet lampah kita?

Margi ningali kadadosan warni-
warni ingkang sampoen kalampah
poenika, manahipoen ra'jat temtoe
ladjeng gorèh, boten mapan pan-

denganipoen, boten djedjeg sesipat-
anipoen. Kados déné lampahing
ménda ingkang pating blesar ningali
lampahing para pangèn ingkang
sami boten adjeg. Mekaten oegi
manahing ra'jat. Sami gorèh, badé
mrika adjirih, toemoet poenika boten
wani, badé ngrangkep mrika-mrika
kawraten.

Tjandabirawa ingkang dipoen-
wetjakaken pandjenenganipoen Ir.
Soekarna poenika Tjandabirawa
ingkang ateges roekoer, boten na-
moeng ateges katah kémawon.

Pramila saèstoe atoe koela dateng
para pinitados lan para pemimpin,
bilih pandjenengan sadaja poenika
dados pandenganing ra'jat. Djoeroe
pemimpin poenika kedah njontoni
(kados sesorahipoen Mr. Wongso-
negara wonten ing Klatèn), tresna,
noentoen andap asor, ngaosi dateng
ra'jat. Ra'jat poenika dédé satoeng-
galing pirantos ingkang kapoerih
njoerak - ngeploki - damel seneng-
ing pemimpinan, nanging satoenggil-
ing péranganing djagad Indonesia
ingkang kedah dipoenaoesi, dipoen-
emong, dipoenrembag.

Tradjanging para pemimpin kedah
kados Gandhi, kedah dedasar
tresna dateng bangsa sa-
èstoe. Sadaja pendamelanipoen
pemimpin kedah loemèrèg dateng
padamelan ingkang migoenani da-
teng ra'jat. Boten soesah ngwontena-
ken: Sesorah vrij debat, ma'loemat
pari - paben, brochure enz. enz.
manawi kagalih boten migoenani
dateng ra'jat. Semanten atoe koela.

KETJIL.

PEMIMPIN SADJATOS . . . ???

Sinten boten nggoedjeng? Sinten
boten mèsè? Sinten boten . . . ?
jèn mireng ngobrolipoen sadèrèk
wangsoelan saking Digoel???

Jah wong kaja ngono kok dika-
barakéana kéné. Mila koela kabara-
ken wonten ngriki:

1e. Soepados pemimpin kita boten
kersa
2e. Ratjakipoen, (boten sadaja)
malah kabar bangsanipoen rahi
njerakeran pamaos, ingkang katah-
katah sami seneng maos: ngriki
gègèr ngriki perang; ngrikoe
brontak spn.

ngGoedjengaken kados-poendi ta?
Ingkang temtoe, para wangsoelan
manawi dipoentanggap sanak-sadè-
rèk oetawi kantja namoeng sawa-
tawis anggenipoen njritakaken ka-
wontenan ngriki (Digoel), ingkang
mesti ladjeng toekoel oemoekipoen.

a. Regeering kok ja ora betah
mboewak tandané dibalèkaké. Kok
ja betah akoe.

b. Ana kana koewi pantjené se-
neng, énak-énoek, oleh pangan,
bajar, njamboet gawé moeng sase-
nengé déwé, enz.

Saopami pandjenengan, ingkang
sami dipoenbroli makaten kados-
poendi? Mèsè ta? Saopami koela
ingkang dipoentjritani ladjeng
takèn, poenapa inggih? Regeering
boten kijat? Poenapa margi malaise
poenika? samplakan 1 plek; la kok
takshiw wonten kémawon ingkang
sami dipoenmrikakaken, poenika,
poenika, poenika.

2. Kok pandjenengan wangsoel?
Tijang dipoenwangsoelaken.

O, ngaten, boten margi sami tobat
entjit, ingkang dipoenwangsoelaken
poenika? Kados koela mireng saking
ngriki ndrindil predjandjianipoen:
lan tobat kémawon takshiw kedah
mawi entjit.

Setoenggal kalih wonten ingkang
barès koerès; sandjang dateng koela.
Kosok wangsoel sanget kalijan poe-
ngetjoeproses ing nginggil. Ingkang
kepénging sanget wangsoel poenika:

1e. Kedjawi netepi angger-angger
sadaja ingkang dipoenpatjoehaken
saking regeering.

2. Kedah mboedeg, liripoen sa-
nadjan dipoenkègi, dipoentjengès,
dipoen kalijan kantjanipoen
ingkang sakinten boten saged wang-
soel kapeksa kèndel kémawon. sam-
poen boten wani tjemoewit, dipoen-
doemoek wados - wadosipoen: fals,

fals, ora kaja dèk nong nDjawa,
brook - brook, oegi ndelelek kéma-
won, enz.

Mèmper; éwa samanten sareng
doemoegi ngriki wah ngetjamprang
ngendikanipoen: "koeat akoe" "kok
ja ora betah," "kepénak." Djeboel
wonten lambé kémawon, sadjatos-
ipoen

Mangga sadèrèk, sinten ingkang
kepénging sineboet pemimpin sadjatos,
sampoen awatak anggada balik;
ngenggèni leres, ngambah mergi
leres, lan kagoengan kasatrijan, koe-
doe wani mati, loewoeng mati tinim-
bang wirang, ning boten nglaloe.

Wonten malih ingkang kawedal
temboengipoen: "doeroeng sepiraa
Nederland enggoné ngoekoem me-
njang bangsa koeministen, toemrap-
ing akoe isih djeneng gedé pali-
marmané, déné wong dibowang
kok isih kena nggawa anak bodjo,
dadi sadjroning oekoeman ana pa-
nglipoeer."

Sanadjan temboengan nginggil
poenika waoe dèrèng kinanten
menawi teroes ing manah, éwa
samanten pantes dipoenaoesi, djer
koeministen kalijan regeering poe-
nika kénging koela oepamèkaken
satroe moengging tjangkklakan, éwa
samanten kok poeroen ngedalaken
pangalem samanten agengipoen, mitik
ingkang katah-katah namoeng gre-
get-gretet, keroet - keroet kémawon.

Mangga saodera, ingkang sami
pinilih dados pemimpining rajat,
nglenggahana lenggahipoen, sam-
poen namoeng riboet arebat nga-
djeng, rebat misoewoer, rebat . . .
boten mredoeli dateng rajatipoen,
saja kados poenapa anggenipoen
sami bongkrah - bangkrèh warga-
warganipoen??

Lan mbokmanawi badé dipoen-
èsèmi kémawon kalijan bangsa sa-
nès: "Èh, Indonesia, wong isih kaja
ngono kok arep mimpin arep merdi-
kakaké rajat; saja saopama ditjoel-
aké tjoe!, méndah anggoné rebot
pangoewasa, ora woeroeng malah
moeng padoedon baé, saja kobra.
Pemimpiné wé kaja ngono, sing
dipimpin manèh.

Mangga boten kodjoer ngaten??
Sampoen - sampoen, mindak kepang-
djang-pandjang, panjerat namoeng
memoedji sampoen ngantos pemim-
pin kita klampahan kados atoe
koela nginggil, mindak dipoenèsèmi,
toer inggih nglelingsemi.

Aksamanta P. S. Mtl.

JOS.

FILM DJAKARTA.

Tom mlantjong noewèni leeszaal
(Comedie Buurt 5, Batavia-C.), lah-
dalah, wonten kabar saé: Swara-
Tama sampoen gemlétak wonten
plang nginggil pijambak; lo, mbok
ngaten, aksi kita poenika sageda
wradin mrasoek ing poendi-poendi.

Mila koela ngadjeng - adjeng san-
get wontenipoen pabrik-film-Swa-
ra-Tama ing Bandoeng, Tjirebon,
Semarang, Soerabaja. Sokoer bagé
ing Moentilan, Medari, Makassar
Iss. Dados katingal jèn kita njata
tresna dateng pers-kita.

Boten namoeng doemoenoeng
theorie tok, nanging inggih toeman-
dang.

Kadjawi poenika bab gègèran
Mansjoeria sampoen katingal toe-
moes ing Djakarta ngriki. Waoe
let 1/2 djam koela toewi lengganan
koela setlikan, kantja Tionghoa:
"gi-mana pelang Tiongkok?"

"ah, beloeng, beloeng, sekalong
beloeng" - mila njata makaten, ulti-
matuur saking Nanking kala koela
njerat poenika dèrèng angsal wang-
soelan saking Japan.

Lan, kala koela takèn waoe, kan-
tjanipoen djoeragan setlikan waoe
sadaja njepeng Sin Po Chineseche
editie. Koela ngilirik, nanging sak-
ler kémawon boten ngertos.

Wingi koela inggih toewi mri-
koe, wah, omongipoen sadaja goe-
pjoek, ingkang èstri sami mireng-
aken. Tom mireng, nanging boten
(dèrèng?) ngertos.

ISIN IPOEN.

Saking sesorahipoen toean Gatot Mang-
koepradja enz. - Pemimpin lan ra'iat -
Pemimpin sadjatos - Film Djakarta -
Kintoenan saking W. - Pengadjaran ing
Indonesia - Goentingan pers - Djagad
wanita - Pangandika dalem K. S. Bang
Leo XIII - Djagad nèm-nèman - Wa-
tjana manéka warna - Oerap-sari -
Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Awasi!

Aneta 25 Okt. saking Den Haag
kintoen tilgram, ingkang medaraken,
kados poendi parté communist ing
Nederland sami kedjodèran wewa-
dosipoen, ingkang radi lebet. Sa-
tléraman prekawis poenika pantjen-
ipoen namoeng pantes dados ginem-
ipoen tijang Nederland; nanging sa-
djatosipoen anggepok Indonesia,
kados ingkang badé tjeta pijambak.

Ingkang koela pendet namoeng
ingkang perloe, lan pertalanipoen
Djawipoenika saking "Sedya Tama."

"Arsipipoen (boekoe-boekoenipoen)
parté kominis ing Nederland, katah-
ipoen nem koper kebak, katoembas
golongan "kemedja hitem" (fascist).
Toembasipoen dateng sawèninging
warga pangrèhipoen parté kominis.

Arsip waoe ngewrat boekti-boekti
prekawis dapoekan winados. Pa-
noentoen kominis ing negari Wlandi,
tw. Lou de Visser, Koch lsp. poe-
nika tétéla kawangkoe ing toentoen-
nanipoen Djerman, ingkang oegi
ambandani wedaling hari-warti
De Tribune sarana soebisidi saking
Moskou f 100.000 ing dalem se-
taoen. Soebisidi f 100.000 poenika
waoe pendak gangsal minggoe di-
poensoekakaken f 10.000.

Margi njokani soebisidi waoe
Moskou gadah panedra, kadosta:
kedah damel reresan. Kedah toe-
mandang amrih kalangan militèr
boten kénging pinartjaja. Atindak
tjoelika toemrap pitoeloengan dateng
krisis. Manawi ing negari Wlandi
oetawi djadjahanipoen wonten da-
dakan ingkang kénging kanggé nan-
dangi prekawis ing nginggil, kedah
ladjeng tjantjoet toemoenten.

Kedjawi poenika kedah noeloengi
Indonesia adamel kotjar - katjiring
pamasésa fascist. Kedah keklempak
sadaja boekti (pirantos) kanggé nga-
djengaken amrih kasembadanipoen
reresah ing Indonesia.

Makaten ringkesing soeraosipoen
papanggih Moskou dateng tw. Vis-
ser, redactoeing De Tribune, ing-
kang roemijin ngemoedèni kala warti
minggon: Koetjing Ireng (De Zwarte
Kat)

Arsip waoe anedahaken, bilih go-
longan kominis gadah tjabang (cel-
len) katahipoen: 680. wonten ing
pabrik-pabrik lan sanès-sanèsipoen.
Pamelikan - pamelikan negari ing
Limburg poenika inggih dipoen-
awat - awati telik bangsa Djerman."

Dados tradjang kominis (com-
munist) poenika saja tjeta mawi
main ontran-ontran, reresah; boten
ngéman njawa toewin rah!

Poenapa poenika boten soelaja
kalijan karahadjenganing ra'jat, koela
soemanggakaken dateng para maos.

Sarèhné ébah-ébahan Indonésia
poenika, paking - epok noedjoe da-
teng mandirèng, karahadjenganing
ra'jat oemat Indonesia; amila:

awas, para pemimpin! Sampoenm
ngantos ketjemploeng ing kedoeng-è
communisme.

Merginipoen wijar toer loenjoenje

Verloofd :

P. M. SOERADJJEM

met

F. S. DARJASOESASTRA

Soerakarta.

DJAGAD WANITA.

Apostolaat der Moeders. (Tradjangan para Iboe mangrasoel).

Manawi para maos pirsas seseratan ing nginggil poenika ladjeng nginten, manawi badé maos preek oetawi piwoelangipoen Rama Pastoor wonten ing grédja. Ingkang makaten poenika sanès sedywa koela, sapisan koela mboten kawenangaken, kaping kalihipoen gagasan koela mboten saged anggajoh. Ingkang badé koela atoeraken namoeng amoe-rih kagema pangéng-èngget, toewin tatangsoeling ngagesang, bilih wanita ing djaman samangké poenika, sinaosa sapriki sampoen mèh wonten kalih èwoe taoen, oegi taksih pinaringan dawoeh: „Laat de kinderen tot Mij komen”. („Botjah-botjah karebèn pada mréné!”) déning Mitranipoen para poetra.

Dawoehipoen Sang Pamarta waoe, jèn karasaken lebet, toewin dipointindakaken kalijan nastiti, temtoe moeroegaken tata tentreming ngagesang, lair-batin, djer poenika wohipoen pangandika Dalem: „Vrede zij u” (kang tentrem) nalika nedak ngrawoehi para moerid-poetra. Toedjoenipoen ngagesang poenika namoeng badé anggajoh: „geluk” oetawi „kamoeljan”.

Sarèhning kamoeljan poenika mboten saged pinisah kalijan katentrem, sarta sarèhning sadjatining katentrem sampoen temtoe noewoehaken kamoeljan, dados oeger tiyang sampoen maoneggil kalijan Goesti, sarana nglampahi Karsa Dalem, sampoen temtoe moelja pijambak, sanadjana ing lair boten katawis.

Pramila oeger tijang èstri, para wanita sampoen saged mbekta poetranoen dateng Sang Kristoes, sampoen temtoe moelja kalijan tentrem. Ingkang makaten poenika, tjontoni-ipoen katah sanget; wanita ingkang koentjara-kondang saindenging boewana, mboten ngemoengaken wonten ing kalanganing djagad—Pasamoewan-Katholiek, ananging oegi aroem-gandanipoen ing salebeting djagad oemoem.

Sintena ingkang dèrèng naté mireng Keizer Constantijn, Santo Augustinus, Santo Lodewijk ing Frankrijk, Thomas van Aquino, Aloysius van Gonzaga, Don Bosco, Theresia van Lisseux. Sadaja asmaning para soetji poenika wonten ing babading djaman boten kénging kapisah kalijan ingkang Iboe.

Mireng asma-asma waoe ladjeng ngéngget-èngget, Sancta Helena, Mo-

nica, Blanca, Hertogin van Mantusa, Donna Martha, Margaretha Occhiena, Martin;

Leres wanita² waoe mboten saged noentoen pakempalan², mboten sami saged dados warganing parlement, nginggahi palenggahan ing sekolahan loehoer; leres wanita² waoe mboten saged nenilari jajasan ing bab ka-goenan oetawi kasoesastran kados déné: Michaël Angelo, Leonardo Da Vinci, Bramante, Rembrandt, Goethe, Vondel, Dante, Schaekspeare, ananging poenapa adjinipoen titilaran sadaja waoe, manawi dipointimbang kalijan adjinipoen kasoesantaning soekma, ingkang sapoenikanipoen riningga, ing sasotjanipoen kasampoer-nan ingkang mboten badé soerem-sirna ing nglebet-djawining djaman.

Leres tjeples sanget, Fr. Rembouts anggènipoen nganggé temboengan: „Een spiegel voor moeder”. (Katja benggalaning Iboe) nalika njerat soegengipoen ingkang Iboe, Beato Don Bosco, ingkang njaosaken kanti tresna-andap-asoring panggali, sadaja padamelanipoen dateng ingkang poetra soewargi Beato Don Bosco. Imaming Pangéran ing salaminipoen. Eman sanget déné kok ingkang dados ombjaking djagad-wanita, ingkang sinengkakaken dateng „vrouwenemancipatie”, ombjak ingkang saleresipoen wonten ing djagad Katholiek dawah wingking mitoeroet tetemboengan: „Ik zal u een hulpe geven, u gelijk”. (P. Damascus O.P. Een Hulpe, hem gelijk In Vrouw en Moeder. Uitgave Malmberg), djer mitoeroet poenika wanita sampoen sami pijambak ingadji-dradjadipoen kalijan prija, sinaosa kaot ing woe-djoed-kawontenipoen, amargi sine-dyakaken déning panitahipoen toewin kakarsakaken kalijan ingkang Nitahaken, gagandengan kalijan toedjoenipoen ngagesang. (De vrouw en de Maatschappij. Prof. Mr. P.J.M. Aalberse). Pramila para prijantoen poetri amrih saja gamblang atoer koela poenika koela atoeri sowan dateng ing dalem Nazareth, poenapa ingkang dados sosotyanying soegengipoen Iboe kita, Dèwi Maria, kados mboten malih kadjawi dana salira-rembag doemateng ingkang Poetra. Manawi kita toememen ngadep Iboe kita, temtoe tradjang kita adadasar: „Met Mari en door Maria” (nggandèng lan ginandèng Dèwi Maria). Jogja, Okt. 1931. S. Soemartin.

sampoen katingal. Familie Tionghoa sami katingal toemoet kraos.

Manawi nolèh pawon kita pijambak, lo kok inggih pating klekèk aroengan pandamelan: P. P. K. D. ngrampoeng-ngrampoengaken pandemènipoen, R. K. D. B. tata-tata Pangroekti-Laja.

Correspondentie-Club ngrampoengaken pranatan lan propaganda pados warga.

Dèrèng ngèmoeti ada Bibliothek lan gotèkipoen para moeda sami ngangsoe seserepan, djaloe-wanita mlampah sareng! Boekhouden, Inggris, Fransch, Tijpen, poenapa malih? kirang terang. Tjekak èbaling gotrah R. K. Djakarta maremaken.

Malah P. P. K. D. bingoen pados papan-parepatan sanès, alijas badé ngelar djajahan. Awit wonten R. K. militair Tehuis kamanah ngrésahi kanta Militer.

Poenapa badé kaboe? poenika walak-walak bedjaning awak.

Ing doesoen Sawahan, watawis 10 paal sakidoel Djakarta, sampoen katah gotrah Katoelik. Tjarijosipoen ingkang mengadjengi inggih asli saking Djawi-Tengah.

Koela mireng poenika saking sadèrèk saking ngrika pijambak, ingkang kala soemerep sapisanan koela kipten sadèrèk Djawi, djeboel . . .

DJAGAD NÈM-NÈMAN.

ÉBAHING PEMOEDA.

Sadèrèk Harèk njerat wonten ing Sw. Tm. no. 43, bab ébaling pemoeda ing djaman samangké. Ingkang dipoenprihatosaken sadèrèkipoen moeda Katholiek pijambak ing Semarang.

Noewoen; poen Soerjasoemirat poenika oegi kagolong pemoeda ing Semarang, namoeng ing wekdal samangké papanipoen doemoenoeng ing pasétran, tegesipoen tebih Wandawa Katholiek. Namoen wonten ing golongan pergerakan boten nama moengkoer gagsir, sanadnjanta wonten ing wingking pijambak.

Sadèrèk Harèk ndangoe: kang ènipoen sadèrèk Katholiek kados-pèndèk? Kaparènga koela njaosi wangsoelan: saking sakedik inggih sampoen bergerak. Namoen dèrèng santer,

dèrèng dipoen-organisasi kados déné I.M. (Soerjasoemirat oegi warga I.M.), saking dèrèng warga M.K. kabekta saking doenoenging papan).

Bab Mataram. Sadèrèk Harèk pijambak sampoen mastani bilih dèrèng sreg, wontenipoen M.K. ing Mataram wonten afd. Werkenden lan Studeerenden. Koela saja boten matoek, manawi wonten afd.: Hollandsch sprekende barang. Sagedipoen I.M. saja djembar poenika, margi ingkang inggil oegi karsa ndingkloeki ingkang andap. Kala djaman Jong Java kénging dipoen-wastani ingkang kénging dados warga J.J. namoen ingkang ngertos basa Walandi. Sapoenika boten. I.M. nampi oegi pamoeda ingkang boten saged basa Walandi, malah manawi boten klèntoe moerid Ambachtschool poenapa saged katampi. Mila manawi M.K. ing Mataram dipoenterosaken béda-bédanipoen golongan, koela gadah kajakinan badé boten sakétja toemindakipoen.

satemoeng kémawon boten ngertos basa koela. Dados: Betawi deles.

Roemijin doesoen poenika dados djadjang Pastorie Meester-Corneelis, ladjeng Kramat, ladjeng Gondang-Dia.

Sapriki katrangan bab poenika koela dèrèng saged angsal, margi dèrèng saged sowan Rama Pastoor ingkang kawoeng.

Mila oepami R. K. D. B. saged manggali, oetawi sadèrèk H. J. Patrem karsa merlokaken mawi piet-motoripoen dateng doesoen waoe, iba seneng kita, ngertos jèn satjelakipoen Djakarta sampoen wonten tetroekan, taneman agami Katoelik langkoeng kina, lan doemoegi sapoenika inggih boten kapiran.

Manoet tjarijosipoen sadèrèk waoe, ingkang namanipoen koela kesoe-pèn, pengadjengipoen gotrah waoe koewadjan moelang agami lan moelang laré-laré satjaranipoen sekolah limrah. Grija „pakempalan”, dados satengah-grédja, inggih sampoen wonten.

Mila, oepami R. K. D. B. saged pados katrangan, mawi toewi pijambak, bab poenika, ladjeng kajajaraken sarana Lezing, katjarjosaken moelaboekanoen taoen pinten, Rama Pastoor sinten, djadjanipoen, lampahing prakawis agami, jèn dinten ageng lss. rak manah kita saja mongkog: è, dadi akoe ana kéné ki ora kidjènen ta! Ing désa anoe wis ana pagoejoeban Katoelik! lss.

Ingkang poenika manawi pangrèh R. K. D. B. karsa tanggap bab poenika, oetawi botenipoen inggih kandangan C. C. (è, oepami tanpa alangan), iba saéniipoen.

VAN LITH-STICHTING

P O E N A P A

Pandjenengan sampoen

ngisèni

„SERAT KASAGAHAN”

dados

CONTRIBUANT

V. L. S.

?

Penningmeester V. L. S.
2e. Convict
Moentilan N. I. S.

Kadjawi poenika kados déné Ngajodja bab pondokan prijantoen goeroe èstri saja dipoensentosi, kapisah wonten lèr margi, ing Djakarta oegi makaten.

Wiwit cursusjaar sapoenika-poenika para kantja goeroe èstri sadaja nglempak wonten ing Wihara-Ageng Noordwijk, ingkang kala roemijin salong wonten ingkang petal, madépokan ing Kramat, andjalari sapoenika saja ngraketaken pasèdèrèkan lan nggampilaken. pasinaon, Awit Wihara-Ageng waoe kénging kasebat soember ageng toemrap seserepan.

Wonten ing djagading para Wanita toemrap bangsa poenapa kémawon Wihara-Ageng Noordwijk poenika Wihara ingkang sampoen-pijambak: mèh sadajaning seserepan kawoelangan.

Mila begdja toemrap para prijantoen ingkang kepareng ndempil ndèrèk madepokan ingrikoe. Kadjawi primpen lan soetji oegi gampil karèbèlan ing kawaskitan. Lan mila sawatawis sampoen sami karentahan kasagedan kados ingkang kasoeuwen, basa Inggris, tijpen lss.

Ingkang poenika para prija wadji handèrèk bingah lan matoer noewoen dateng pang inggilan ingkang sampoen ngèbaraken tatanan ingkang sakalangkoeng prajogi waoe.

Ing wasana satamating atoer, moegi para poeroehita ngangsoe kawroeh sami katlatosana, lan ada-

djanipoen kados sadèrèk oetawi tjara temtoe para pemoeda saged netepi anggènipoen mana pemoeda-poetra tanah air Indonesia. Mitoeroet djaman samangké: sanadjan gadah medali Ir. Mr. Dr., manawi gesangipoen boten kanggé tanah air kita Indonesia, dilihat dari mata pergerakan, hidoepnja tidak berarti boeat tanah toempah darah kita Indonesia.

Soerakarta kedah langkoeng madjeng malih, djer ngrikoe wonten pemoeda djempolan terasan, grès saking toko, mangga sadèrèk. Kalerasan pandjenengan noenggil damel lan sadèrèk, sanadjan poenika nama sawoeng sepoe, namoen damang sanget dateng pergerakan pemoeda. Mangga kepandoean kita saja dipoenadjengaken, sageda saja noelar dateng Semarang lan sanès kita malih. Wonten ing kepandoean ngrikoe kita saged ngedjèr para pemoeda, manoet ing sakarsanipoen djoeroe noentoen.

Wangsoel dateng Semarang. Koela

ÈKONOMI

KINTOENAN SAKING ING W.

Atoer panoeuwen.

Koela mangertos bilih asma *Andaja* toewin *O. D. Kühr* poenika sadaja sandiasma, dados saged koela nglairaken raosing manah dateng prijantoen poenika kedah wonten ing koran; mila loemantar ing Sw. Tama ngriki koela ngatoeraken gènging panoeuwen koela dateng soemitra kakalih waoe, ingkang sampoen karsa paring wangsoelan dateng pitakènan koela toewin oegi paring wawasan bab dagang, boten kirang tjeta, widjang toer gamblang senget. Boten baèn-baèn njata ageng sanget pigoenaning rubriek ekonomie, djer babagan poenika ingkang sanget kita betahaken.

Toemrapping sad. ing W. rubriek ekonomie boten namoeng ngindaki seserepan tok, nanging oegi soeka papadang, andamelaken margi énggal ingkang andjok ing toek, asaling barang-barang gramèn ing sakawit, oegi ateges mewahi pawitaning tiyang lampah dagang. Manoet piwoelangipoen para sepoe ingkang kerep koela pirem makaten: „Wong anggaota dagang mono, koedoe apawitan bonda, sregep ing gawé, ngati-ati, gemi, pétoeng lan ngerti marang asal sangkaning dagangan.”

Sampoen wiwit kina merboeng, doemoegi wekdal samangké tetijang ing ngriki tasih katah ingkang sami naloerèkaken padamelanipoen embah tjanggah embah warèng anggaota dagang babakoelan. Namoen kémawon sapoenika kawontenanipoen memelas sanget, djalaran barang gramèn ingkang roemijin damel soegihing embah-embah kita, sapoenika katjènging ing bangsa sanès. Mirid tjarijosipoen para sepoe roemijin tetijang ing W. jèn mendet gramèn bangsanipoen klitikan, balapetjah, kèper, morie, téko, sembagi, djampi-djampi saking Semarang, benang (lawé) saking Godéjan, Mingin bawah Ngajodja, bangsaning pawedaling siti saking Sragèn, Tjaroeban mangétan doemoegi bawah Kediri, manawi sata saking bawah Koedoe. Déné sapoenika sad. ing W. sasat boten anggoelawat, tenger-tenger kémawon, barang-barang waoe sampoen doemrodjok dateng pijambak, amoeng kémawon ingkang kintoen dalah ingkang nampi soedagar Tjong Hwa. Samangké ageng-agenging panggaotan Djawi ing W. namoen kantoen gantos, mangka gantos poenika lestanoenipoen, bebasan saemoer djoagoeng.

Sampoen katoengkoel ropjan-ropjan kémawon sadèrèk, awas, panggesangan pandjenengan, teda kita sampoen katekem ing bangsa sanès. Manawi kita boten tjantjoet roemagang ing ndamel tjalon kapinten, jèn boten bekerdja betoel-betoel, èstoe boten komanan oepa. Pantjènipoen banda Djawi ing W. saged lelasan gandèng koentja kalijan importeur-importeur, sok oegi kita ladjeng ngempal aroekoen, djoemangkah sareng, ijeg sajoek toemandang ing damel. Sanadjan bebetan kita awrad, nanging manawi kita angkat sasarengan tamtoe dados majar sakétja lan èntèng. Èngeta komboel toewin bobroking W., boten saking bangsa mantja ingkang dedoenoeng ing ngriki, nanging goemantoeng ing koela pandjenengan, manawi kita toeroes léhaléha, *tan boten tamtoe* mesti toeroes mlèseg.

Barisaning mengsah sampoen tata pangrakitipoen, andendeng damel giris mirising manah kita; amila mangga bersatoe, kita kedah ngempal lan roekoen, soepados santosa, kijal lan bakoeh, saged nanggoelang pantja baja ingkang ndatengi. Tjara tijang badé damel grija makaten, coperatie sampoen sadija bouw-

material, saeodara *O. D. Kühr* arsitèkipoen, kita kantoen madjeng sareng, greng toemandang damel. Rak makaten ta saeodara *O. D. Kühr*? Sampoen kaendé-èndé, énggal tjaktjek soerja sampoen inggil.

Pangadjeng-adjeng koela moegi sad. *O. D. Kühr* sampoen timah-timah anggèng pandjenengan paring wawasan bab kridaning oelah dagang, sak boten-botenipoen tamtoe ndjalari goemrègahing sad. bakoel ing W.

— o —
Sad. *Andaja*.

Prijantoen poenika anggènipoen moendoer saking kalanganing Sw. Tama boten kok margi kataman sasakit ajas-ajasan, o boten. Malah tjara tjangipoen ndaroes, saja nderes angganter anggènipoen ngoedi kawroeh. Koela ngertos sanadjan prijantoen poenika pamit ngaso, nanging meksa . . . saking ngle-

— o —

— o —
Sad. *Andaja*.

Prijantoen poenika anggènipoen moendoer saking kalanganing Sw. Tama boten kok margi kataman sasakit ajas-ajasan, o boten. Malah tjara tjangipoen ndaroes, saja nderes angganter anggènipoen ngoedi kawroeh. Koela ngertos sanadjan prijantoen poenika pamit ngaso, nanging meksa . . . saking ngle-

— o —
Sad. *Andaja*.

Prijantoen poenika anggènipoen moendoer saking kalanganing Sw. Tama boten kok margi kataman sasakit ajas-ajasan, o boten. Malah tjara tjangipoen ndaroes, saja nderes angganter anggènipoen ngoedi kawroeh. Koela ngertos sanadjan prijantoen poenika pamit ngaso, nanging meksa . . . saking ngle-

— o —
Sad. *Andaja*.

Prijantoen poenika anggènipoen moendoer saking kalanganing Sw. Tama boten kok margi kataman sasakit ajas-ajasan, o boten. Malah tjara tjangipoen ndaroes, saja nderes angganter anggènipoen ngoedi kawroeh. Koela ngertos sanadjan prijantoen poenika pamit ngaso, nanging meksa . . . saking ngle-

— o —
Sad. *Andaja*.

PANGANDIKA DALEM I.S.K. SANTO BAPA LEO XIII.

I. Pakempalan kaoem berah poenika satoengging sarana kanggé ndjedjegaken prakawis babagan gesang-kekantjan.

a) Para djoeragan kalijan kaoem berah pijambak saged oeroen-oeroen katah amrih djedjeging prakawis babagan gesang-kekantjan inggih poenika sarana ngwontenaken adada toeloenging dateng ingkang betah pitoeloengan ngiras njaketaken golongan satoenggal kalijan satoenggalipoen. Ingkang kados makaten waoe oepaminipoen pakempalan toeloeng-tinoeloeng lan jejasan warni-warni, ingkang madegipoen mligi kanggé toeloeng jèn wonten kasangsaran dadakan, jèn salah satoengging kaoem berah nandang sakit oetawi tilar donja, jèn anak sémah katilar pedjah. Makaten oegi jejasan ingkang mligi ngrembag laré-laré djaler èstri, djedjaka lan tijang pikoen, ingkang boten kopèn. Sadaja waoe ingkang nomer satoenggal inggih poenika pakempalan kaoem berah, awit poenika sampoen njakoep sanès-sanèsipoen.

(*Encyclic Rerum Novarum 15 Mei 1891.*)

II. Jejasan Katoelik lan sasaminipoen poenika dajanipoen ageng sanget.

b) Manoet ingkang sampoen ketatalan, jejasan Katoelik, pakempalan kaoem berah, pakempalan toeloeng-tinoeloeng lan sesaminipoen poenika jèn toemindak sarta panotoenipoen awewaton katresnan, dajanipoen ageng sanget inggih ing ngatasipoen toeloenging dateng tiyang miskin ingkang kasangsaran inggih ing ngatasipoen soeka piwoelang saé dateng kantja alit.

(*Nawala Caritatis Providentioeque 19 Maret 1894.*)

III. Negari boten kénging lan kénging ngawisi pakempalan.

c) Sanadjan pakempalan alit-alitan poenika asalipoen saking pakempalan ageng (= pradja) sarta kénging kaanggep gegelitanipoen, éwa samanten, limrah-limrahipoen, Negari boten kénging ngawisi wontenipoen pakempalan waoe. Djer kodrating manoengsa njoekani wewenang soepados damel pakempalan kalijan sanèsipoen, ingkang mangka wadji-ning Nagari kedah ngreksa dateng wewenang waoe.

d) Wonten kalanipoen Negari kawenangaken ngawisi pakempalan kados makaten waoe, samangsa statuten ing pakempalan waoe tetela soelaja kalijan kasoelan, kalijan tindak adil oetawi damel kirang tentreming pradja. Ingkang makaten poenika Nagari nama nganggé wewenangipoen, nanging kedah kanti ngatos-atos sanget, soepados boten soelaja kalijan pantjasaning boedi wening.

(*Encyclic Rerum Novarum 15 Mei 1891.*)

— o —

— o —
Sad. *Andaja*.

Prijantoen poenika anggènipoen moendoer saking kalanganing Sw. Tama boten kok margi kataman sasakit ajas-ajasan, o boten. Malah tjara tjangipoen ndaroes, saja nderes angganter anggènipoen ngoedi kawroeh. Koela ngertos sanadjan prijantoen poenika pamit ngaso, nanging meksa . . . saking ngle-

— o —

— o —
Sad. *Andaja*.

Prijantoen poenika anggènipoen moendoer saking kalanganing Sw. Tama boten kok margi kataman sasakit ajas-ajasan, o boten. Malah tjara tjangipoen ndaroes, saja nderes angganter anggènipoen ngoedi kawroeh. Koela ngertos sanadjan prijantoen poenika pamit ngaso, nanging meksa . . . saking ngle-

— o —
Sad. *Andaja*.

Prijantoen poenika anggènipoen moendoer saking kalanganing Sw. Tama boten kok margi kataman sasakit ajas-ajasan, o boten. Malah tjara tjangipoen ndaroes, saja nderes angganter anggènipoen ngoedi kawroeh. Koela ngertos sanadjan prijantoen poenika pamit ngaso, nanging meksa . . . saking ngle-

— o —
Sad. *Andaja*.

Prijantoen poenika anggènipoen moendoer saking kalanganing Sw. Tama boten kok margi kataman sasakit ajas-ajasan, o boten. Malah tjara tjangipoen ndaroes, saja nderes angganter anggènipoen ngoedi kawroeh. Koela ngertos sanadjan prijantoen poenika pamit ngaso, nanging meksa . . . saking ngle-

— o —
Sad. *Andaja*.

Boten wonten babasan kados makaten, wontenipoen „oela marani geboeg!“ Koela inggih boten matoer jèn poenika babasan, poenika namoeng soeraosipoen ingkang badé koela trjiosaken ing ngandap poenika, anggèn koela maos ing „Midden-Java“ sarta manoeit Midden Java njata kelampahan saétoe.

Boten wonten babasan kados makaten, wontenipoen „oela marani geboeg!“ Koela inggih boten matoer jèn poenika babasan, poenika namoeng soeraosipoen ingkang badé koela trjiosaken ing ngandap poenika, anggèn koela maos ing „Midden-Java“ sarta manoeit Midden Java njata kelampahan saétoe.

Noedjoe satoenggiling dinten wantji éndjing oeda-kawis poekoel woloe ing departemen van Financiën sadaja-sadaja toemindak kados adatipoen, wonten ingkang ngeboeti médjanipoen kanti ngoelir kambang, wonten ingkang omong-omongan oetawi ngantoei kantjanipoen, wonten ingkang saweg sarapan, wonten malih ingkang ngingoek koran sakadap. Doemadkan ingkang Witjaksana G.G. énggal poenika mbikak kontar sarta loembet ing kamaripoen satoenggiling ambtenaar golongan radi inggil.

Wonten ingkang ngingoek koran sakadap. Doemadkan ingkang Witjaksana G.G. énggal poenika mbikak kontar sarta loembet ing kamaripoen satoenggiling ambtenaar golongan radi inggil.

Ingkang Witjaksana: „Morgen meneaer?“ Ambtenaar waoe sampoen toemapak ing damel, waugsoelanipoen „Morgen meneaer“.

I. W. „Druk meneaer? (katak pandamelan?)“. Ambtenaar mangsoeli „Gaat nog al (tjekapan)“ nanging semoe goemoen, déné wonten tjang ingkang dèrèng naté dipoenwanoehi kami - poeroen tlonjtong - tlonjtong mriko.

I. W. ngandika kanti ngatingalaken koewasanipoen sakedik: „Bèndelan nikoe ga mriki! Nikoe sing onten sisih tengen sampéjan. Ningali sedekap rak anggal ta?“

I. W. boten énggal dipoen tjaoei, malah ambtenaar waoe moering, temboengipoen: „Wie . . . wie is U eigenlijk? (Sampéjan nikoe sadjané sinten?). Wie is U (sinten)? wat wil U (adjeng napa)? Wat doet U hier (mriki onten napa)?“

I. W. „Akoé iki Goepernoer Djéndral.“ Sakala ambtenaar waoe mangkeret.

Sareng I. W. dipoentjaosi bèndelan ladjeng ngandika: „La iki ana prakara wis pirang-pirang taoen, teka saiki doeroeng rampong. Kowé dakwangeni rong minggu, adja mangsoeli „boten saged“, jèn mangkono kowé nandakaké enggonmoe koerang tjakep. Rampong orané, akoe bakal golèk katrangan. Ja wis!“

Malih, ing satoenggiling dinten oegi ing wantji éndjing I. W. wonten ing Betawi, nithi montor, dipoensoepiri déning poetra kakoeng nomer kalih, loembet ing plataran departement Binnenlandsche Bestuur.

Iug kantor para ambtenaar sami mlampah wira-wiri, wonten ingkang semoe kasesa, wonten ingkang sasekétjanipoen.

Wonten satoenggiling ambtenaar medal saking kamaripoen, dateng ing djawi, ningali kiwa tengen, ningali montor, pit, dosado ingkang sami pating sliwer, ningali ing langit, ladjeng ngintjipi potlod. Sa-rèhné dipoenpamrih sagedipgen lantjip sanget, kalijan dipoensambi neningali, mila dangoenipoen ngantos doegi-doegi saprasekawan djam meksa dèrèng rampong.

I. W. teroes moeroegi, ngandikanipoen: „Morgen meneaer!“ Wangsoelangen ambtenaar „Ook goeie morgen.“

I. W. „Mooi weertje, vin - U ook niet (hawanipoen sakétja rak inggih ta)?“

Ambtenaar waoe taksih neroesaken anggènipoen ngintjipi potlod, wangsoelanipoen dipoenwori ngesah „Sekétja kanggé plantjongan.“

I. W. „Sampéjan nikoe olèhé dadi ambtenaar genah empoen lawas, katanda olèhé ngintjipi potlod. Nanging bakalé boten kena malih.“

Ambtenaar mangsoeli tanpa adjrih soemelang: „Napa inggih?“

I. W. „Mesti, koela poeroen tanggoeng.“

I. W. ladjeng neroesaken tindakipoen. Ambtenaar waoe mlebet kamar, ladjeng dipoentrijosi kantjanipoen, jèn poenika waoe G. G. Sakawit boten pitados, dangoedangoe pitados sarta deg-degan, gèk badé kados poendi kadadosanipoen.

Toelada - toelada panoenggilinganipoen ing nginggil poenika taksih katah. Dalasan ing algemeene Secretarie ingkang pantes dados katja benggala, trjiosipoen sampoen dados padatan: ambtenaar ingkang inggil-inggil datengipoen ing kantor ngantos kasép sanget.

„Oela ngentèni geboeg!“ Sampoen saleresipoen manawi tjang njamboedamel kados makaten, dipoendoekani. Poenika namanipoen boten nglampahi wadhib.

Tindak boten adil: wong gelem mangan bajaré, djeboel emoh kangélané. Kadjawi poenika saged damel sangsaraning sanès. Oepami kedah mriksa prakawis, mangka boten nindakaken wadhib, poen sa kitiran rak saja lami wontenipoen toetoepan, mangka mangké gèk „bareng dipriksa, tetéla ora loepoet.“

Mila tindakipoen G. G. poenika dadosa petjoet, soepados tjang lampah damel poenika netepana wadhib, sampoen teka namoeng margi adjrih geboeg (alitipoen dipoendoekani, agengipoen dipoentpotjot).

Jèn sregepiipoen namoeng margi dipoensambangi ing G. G., poenika klintoe sanget. G. G. boten saged sabèn dinten njambang, margi wonten pandamelan sanès ingkang katindakaken lan margi saking tebihing panggénan.

Toemrapipoen tjang, kedah tjekap jèn dipoensambangana ing osiking batinipoen pijambak.

bed kelir. Boten sanès pamoedji koela widadaa, sageda kadoemoegèn ingkang sinedja, béndjing manawi pènipoen wiwit toemapak ing ndamel malih wonten taman Sw. Tama ngriki saja moerakapana ing ngakatah, sampoen tamtoe langkoeng-langkoeng A.M.D.G. Slamet djalan toean!

Bab D. E. N. I. S.

Paringipoen katrangan sad. S. D. ingkang kamot ing Sw. Tama no. 42 ndjalari radi mendaning manah ingkang tansah melap-melip samar ngraosaken kabar ingkang gegajoean kalijan Denis. Goféking ngakatah namtokaken manawi Denis failit. Saben-saben koela takèn dateng mitra toewin patepangan, wangsoelanipoen tansah boten njakétjakaken manah.

Kelampahan koela takèn dateng directie ing Bandoeng, wangsoelanipoen saé lan tata, damel leganing ingkang takèn. Boten élok, sabèn bakoe temtoe ngalem barang gramènipoen. Poenapa wonten blantik ingkang natjad lemboe oetawi méndanipoen ingkang kadasaraken wonten peken? Sasat boenoech diri ané! Ingkang poenika moegi sad. S. D. sampoen pisan-pisan pingget ing galih djalaran ngendika pandjenengan setengah koela wada. Malah sageda kosok wangsoel, paringa katrangan ing satjeta-tjetanipoen, ngantos sageda njirnakaken sanggaroengginging manah, ladjeng noekolna piandel ingkang bakoeh saha mahananana krekak sregep ing ndamel temahan sami kasembadan ingkang sami sinedya.

Atoer taklim koela poen A. K. D.

PENGADJARAN.

PENGADJARAN ING INDONESIA.

Ing artikel koela ingkang sampoen-sampoen koela naté matoer manawi babagan basa ingkang badé kasoekekaken dateng anak pribomi dados rembag ingkang oegi radi ramé. Dominee Gericke sabalanipoen notjogi manawi Inlander oegi mangertos dateng bangsa Welandi. Pamaréntah ing nagari Welandi makaten oegi balanipoen Prof Roorda babar pisan boten notjogi dateng kadjengipoen Dominee Gericke waoe. Anak Inlander prajogi ngertos dateng basanipoen pijambak. Temtoe kémawon ndjago kalih kala waoe sami déné gadah kajakinan pijambak-pijambak; kilap kajakinan waoe teroes ing manah poenapa boten, ingriki boten perloe koela rembag.

Dominee Gericke ingkang menang, djer basa Welandi ladjeng oegi dipoenwoelangkan dateng Inlander.

Basa Welandi dados padjeng. Mindak aosipoen. Kaoem prijaji sami kepéngin manawi anak-anakipoen sami saged basa Welandi; ing pangangkah soepados ing béndjingipoen saged dados ambtenaar inggil; saged tjampoer kalijan pangagengipoen bangsa Welandi. Anakipoen kaoem prijaji waoe anggènipoen sami sinaoe basa Welandi kadjawi wonten ing sekolah (angka satoenggal) oegi wonten ingkang mendet privaates. Temtoe kémawon mbajar awis.

Ing th. 1872 pamoelangan goeroe oegi dipoenwoelang basa Welandi. Ing th. 1883 piwoelang basa Welandi wonten ing pamoelangan Goeroe, mbokmanawi kémawon kabekta ing pamoelangan andap boten kawoelang mawi basa Welandi.

Ing pamoelangan „Kepala“ (Hoof-schouloer) basa Welandi waoe oegi wawoelangaken. Nalika economie nagari wiwit diririk-biririk poelih, lampahing kasaadjanipoen basa Welandi saja santer. Basa Welandi wonten ing peken perboeroehan Indonesia saja

ltars. Nalika samanten saja katah jatijahing tjang ingkang saged tjara Welandi ingkang ladjeng kateda soepados dados ambtenaring nagari. Diploma K.A.E. saged ambikak koringing kaambtenaar-an.

OERAP-SARI.

INDONESIA

Ngingah tawon ing Bantoe (Ngajodja). Manoet Mataram ingkang Boepati ing Bantoe (kabar: Ngarsa Dalem Kangdjeng Soeltan badé paring seseboetan „Kangdjeng“ dateng sadaja boepati ing kasoeltanan, dados kados ing Soerakarta Red.) kagoengan pangoedi soepados tetjajang ing padoesoenan samija ngingah tawon. Ingkang Boepati sampoen tampi tjonto glodog saking adjunct landbouwconsulent ing Koetawinangoen, ingkang oegi sampoen ngejakaken sarta toemindak saé.

Ingkang badé dipoenanggé tjobèntjèbèn roemijin inggih poenika ing Imogiri, awit ing ngrikoew wonten paroempoetan ingkang djembaripoen 2 doemoegi 3000 baoc.

Sarèhné ing sanggingiling Kali-Oerang katah witipoen djambet, manoet tjang wasis, ing ngrikoew saé oegi kanggé ngingah tawon. Jèn poenika saged toemindak saé, namanipoen loemajan, awit poenika dados toeking panggesangan. Kadjawi poenika maben pantjèn moenpangati. Sakit menggoek, watoek, serak sakit ing wadoek, dalasan sakit djené saged mantoen déning maben. Katah dokter ingkang migoenakaken maben kanggé ndjaméni sakit gjndjel. Laré alit ingkang tjatjengin, dipoenombèni maben awor poan, oegi ladjeng mantoen. Maben dipoenworaken wédang tèt inggih inggih.

Doemoeginipoen samangké tanah Djawi anggal lebetan (import) maben saking Australia lan Zwitserland. Lo rak damel lingsem!

Saking ki Barat: P. P. D. M. N. (Pakempalan poenggawadoesoan Mangkoenagaran) kala soerja kaping 18 October 1931 damel pempatan ageng (congres) ingkang sapisanan wonten ing Djatisrono, kita sakidulipoen redi Lawoe. Saweg sapisan poenika koela nengani Congres-ipoen para poenggawadoesoan ingkang katingal boten ngoeitjiwani. Dipoendatengi para wewakiling pakempalan-pakempalan: P.G.H.B. Wonogiri, P.G.B. Wonogiri, M. D. Sidahardja, J. P. O. (Javaansche Advindiers Organisatie) tjabang Djatisrono, comite groep M. D. Djatisrono, P. G. D. pang Djatisrono, toewin sadaja tjabang P.P.D.M.N. Pers = D.-Kanda, Swara-Tama, Mustika, Sedyatama. Dipoendatengi tjang langkoeng saking 200.

Pangarsa H.B., kepala doesoan Boeloebesta matoer noewoen dateng wakiling Pamaréntah, pers, para wakiling pakempalan, tamoe-tamoe saha Congressisten, ladjeng damel pamboeka. Manawi boten ngengatahi papan, poerwakanipoen Pangarsa koela pendet tjekak aos: Limrahipoen djoemedoeling pakempalan poenika (oep. vakvereeniging) wonten ing kita-kita, djer ing ngrikoew pantjèn pangènanipoen kawroeh - kawroeh, inggih poenika srana ingkang kanggé poeageraning pakempalan. Ing ngriki tenaga, koerban poeroen toewin arta oegi boten kantoen.

Bènèh kalijan P. P. D. M. N., djoemedoel wonten ing lelekehing paredèn. ingkang kalebet rekaos manawi badé andjebabahaken soewiwiniipoen, djer sadèrèk² poenggawadoesoan poenggawadoesoan pantjèn teksih tebih idial ingkang mekaten. Ananging kabekta saking lampahing djaman, saha kangéndèng saking garising kaadilan, kala woelan October 1930, P.P.D.M.N. mantjoengoel saking pepeteng, badé loeloemban wonten ing madyaning pepadang. P. P. D. andjangka a) Ngindakaken mangertos bab dessa wezen b) Njajekaken panggesanganipoen para warga (ngoedi economie) c) Andjagi moerih indaking katentremen oemoem kados ingkang dados koewadjiabaning nagari, satemah kita angleggahi ingkang dados awak-awaking Pamaréntah ingkang tjekak sanget kalijan rajat. Kabekta saking koewadjiaban kita ingkang boten èntèng, saha pandjanga ingkang moelja mekaten, sampoen samestiniipoen kita boten a djrih kangélan, saha boten maloe doemateng reactie-reactie ingkang saking djawi toewin saking nglebet.

Para sadèrèk-sadèrèk poenggawadoesoan bawah Goepermènan, pantes nèlad tradjang, saha ideal-ipoen sadèrèk poenggawadoesoan Mangkoenagaran. Mangga béndjing poenapa: ing Temangoeng, Rembang, Malang, Bangoemas, wonten P. P. D. G. (pakempalan poenggawadoesoan poenggawadoesoan Goepermènan), kados déné ing Kasoenanan, sampoen maged P. P. P. K.

Sasampoenipoen congres kabikak, nampeni sesorah-ipoen le. sadèrèk Soelardi, Voorzitter H.B.P.P.D.M.N., bab „Nasibipoen poenggawadoesoan poenggawadoesoan M.N.“

2e. Bab „Instructie kanggé poenggawadoesoan poenggawadoesoan“ déning R. Atmosoehardja, kepala doesoan Krandegan.

Daloenipoen, malem Senèn, nampeni sesorah-sesorah:

1e. Bab kawontenanipoen doesoan ing adoesoen, déning kepala doesoan Djatrotio.

2e. bab Coöperatie (practische coöperatie ing doesoen-doesoan) déning kepala ing Poerwantara.

Sesorah-sesorah poenika waoe pantjènipoen prajogi koela serat, nanging koela adjrih mindak ngebak-ebaki papan, djer Swara-Tama poenika s.k. minggu.

Sesorah-sesorah sanèsipoen saking sadèrèk goeroe Djatisrono, Sidahardja, mewahi toewin njambeti bab idam-idamanipoen P.P.D., saha P.G.H.B. saged anggal mergi langkoeng gampil medal P. P. D., anggenipoen netepi koewadjiaban damel adjenging laré-laré sekolah saha rajat.

Sasampoenipoen parepatan mirengaken, awoning nasibipoen poenggawadoesoan poenggawadoesoan M. N., margi:

a. Siti lenggah ing gambar-gambar doesoan, katah ingkang boten notjogi kalijan njatanipoen, ing gambar klas saé, njatanipoen anggal awon.

b. Kirang njekapi lenggahipoen.

c. Para politie doesoan boten saged anggal arta kas politie, kados ingkang sampoen kasadijakaken déning pradja M. N. kanggé poenggawadoesoan poenggawadoesoan.

Ladjeng damel motie ingkang soeraosipoen: soepados pradja, ngleresaken kados ingkang kaseboet a) toewin c) saha njoeuwen indaking siti lenggahipoen.

Motie no 2, soepados nagari, ngwontenaken instructie kanggé poenggawadoesoan poenggawadoesoan, awit poenggawadoesoan poenggawadoesoan katah ingkang tida-tida anggèné nindakaken koewadjiabanipoen, djer dèrèng wonten pranatan papatokan wates-watesing pangowasipoen ingkang widjang, ing saladjingipoen damel karoegijaning Pamaréntah saha rajat.

Semanten kémawon anggèn koela andoeng bab P. P. D. M. N. Kadjawi poenika, koela njipati pijambak, wontenipoen P. P. D. M. N., saged njaekaken tindak-tanduk ingkang kirang adil ing doesoan-doesoan saha tindak-tanduk saking kalanganing para pangreh pradja sanggingilipoen ingkang dèrèng mangertos saétoe doemateng koewadjiabanipoen oetawi ingkang teksih nglenggahi panindak kina.

Kirang begrooting.

Roemijin kirang begrooting ing ngriki poenika manoet pétang-anipoen toewan van den Bussche wonten 193 joeta. Sareng dipoenténg malih wonten ing nagari Walandi kènging kaloror dados 182.4000.000. roepijah.

Noviciaat Santo Stanislaus. Béndjing Nghad 1 November poenika grija Noviciaat Santo Stanislaus badé binerkanan. Doenoengipoen Noviciaat poenika gandèng kalijan grija retrèt Giri-santa; jèn mandep dateng radinan, wonten ing tengenipoen. Para Novice lan Junior ingkang samangké manggèn ing grija retrèt tjalonipoen badé pindah mrikoew, ladjeng manawi mangsanipoen wonten retrèt, Giri-santa kènging dipoenanggé déning para ingkang saweg retrèt. Wondéné toemindaking berkahan namoeng tjlimèn.

Vice-rector ing A. M. S. Katoelik.

„Koerier“ martosaken, jèn Rama A. van Hoof - ingkang sewaoe dados Pastoer wonten ing pastoeran Gedangan, Semarang, - kabenoem dados Vice-rector ing A. M. S. Katoelik, Betawi C.

CORRESPONDENTIE.

Jeksi; oepami prakawis poenika karembag kalijan ingkawogan ing rikoe kémawon!

Para pandjoeroeng karangan, kita matoer noewoen. Sapoenika papan sampoen sesak, dados boten kawrat sadaja. Nanging jèn boten wonten alangan, inggih badé kapatjak. Sampoen kirang pamengko.

Lan malih ngemoetaken sakedik: jèn kintoen copie dlanjangipoen sampoen dipoenserati wolak-walik, nanging sawalik kémawon. Lan jèn oeroen pakabaran, moegi ingkang tjekak!

Red.
Abn. 265, B. Riberoe, C. B. Z. Simfang, Soerabaja; abn. 218, Juffr. V. Soetinah, Djagalan VII. no. 46, Soerabaja, pandjenengan sami pindah dateng poendi

Haud Immer Stand“ ngalor ngidoel moeng tanpa adji, apa enggonmoew tanpa ana regané koewi apa?

Apa H. I. S. moeng mligi kasedi-jaké kanggobotjah-botjah, kaja ora! Tamtama Dalem.

Manawi C.C.D. boten kagoengan kalawarti poenika, éman sanget. Prakawis Tamtama boten perloe koela rembag pandjang C. C. D. temtoe sampoen oeninga pijambak.

Saoedara Tom mangga koela a-toeri niroe tradjangipoen sadèrèk Andaja oetawi soewargi sadèrèk Pajjar-mèrah alijas Dwidjarsarajan.

Anggènipoen sami dados montjèr wonten ing *kalangan jurnalist poenika namoeng sarana landasan pers-pers lan boekoe-boekoe. Awis tindak-tanduk mideringrat kados saodera Tom.

Saoedara Tom, sampoen namoeng sakiwa tengenipoen kita Djakarta kémawon, ingkang kabèkèr poenika! Sinaosa namoeng woedjoed Correspondent kabar oemoem, kabar eco-

nomi katjoendoezna kalijan kawontenan-kawontenan ing mantja pradja, awewaton pers-pers kagoenganipoen poenika.

Saoedara Tom koela tjaoes pémoet, moegi prajitnaa, anggèn pandjenengan njitaki film-film wonten ing papan ramé poenika, ngemoetana bebajanoen, sampoen pinten ingkang risak agaminipoen, djalaran namoeng kablereng ing dajaning tetinggalan.

Boten langkoeng koela namoeng ndèrèk moemoedji, tradjangipoen C. C. D. ingkang loehoer poenika sageda tansah pinajoengan ing Pangéran, lan sageda widada ing sate-roesipoen.

Mengko gèk doemèh poeng-peng! Moempoeng isih mepeng ndjoer „The End“

Watak djawi „djlèhan“ moegi kabiranta!!
noewoen taklim.
Tahrin.

SAMBET REMBAG.

Wonten ing film Djakarta Sw. Tm. No. 43. 23 Oct., sadèrèk Tom ndjijit namu koela, ingkang ngemoes soeraos sadjak melèhaken, déné saéngga djoemedoeling P.P.K.D. tjab. Bandoeng, poen Tahrin ladjeng namoeng ngekep dengkoel alijas ajas-ajasan, boten naté mbèbèr wonten ing madyaning taman Sw. Tm. ngriki.

Saémoet koela nalika poen T. taksih poeroen tjeloeloe wonten ing Sw. Tm. poenika namoeng awoedjoed verslag, dèrèng naté tjeloeloe babagan onderwijs, economi, poelietiek oetawi mélem-mélem kados tradjangipoen saodera Tom.

Doemoegi samanten poen T. pantjèn dèrèng njakoep, pramila wonten koela, noen inggih, namoeng keplok alijas ngamini déné saodera Tom njontoni, kagoengan tradjang kados makaten, pantes tinoelad!

Dados wonten koela ladjeng da-

T. Atm., T. Soesanta, Takwalanter, wonten ing pers H.I.S. poenika? Kados sabèn medal wonten! É, samanten poenika manawi saodera Tom pirsakoemplitipoen nama sesinglon poenika. Kados gampil kasoemerepan wonten ing Corresp.

Poenapa H.I.S. wonten kalangan pandjenengan boten kanggé? Poenapa C.C.D. ingkang pangarsanipoen oegi tapi H.I.S. poenika, boten kagoengan krentek njaekaken H.I.S.?

Ladjeng sinten ingkang badé dipoenndelaken, manawi boten nje-njadang dateng saodera ingkang boten ajas-ajasan poenika!

Kagem sinten ta pers H. I. S. poenika? Poenapa doemèh H. I. S. sanès serat kabar oemoem? Ladjeng boten perloe karèwès?

Manawi njata makaten koela ingkang dados medewerkeripoen pers poenika, kapeksa ngeloes dada, sarta ngoenandika:
„O, la tjilèmtè banget ané kowé“

ER
R
C
E
E

ADOTHEKEN

Rathkamp
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganya, moela f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja : klinting, pompa, lensa, dan taseh berisi perkakas koentji dan tempat minjak, Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallius.

Ada sedia djoega ; Djas hoedjan, Kopper, Lensa Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESANA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

A WAS!

A WAS!!

Regi mirah ing ngandap poenika :
Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa, kantoen ngoesarakan kémawon :

Netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa-blèg	6,—	3,20	1,75	0,75	0,40	roepijah.

Ijzermerie 85% ijzeroxidje

Netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa-blèg	5,—	2,70	1,50	0,65	0,35	roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.

:- HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN :-

TOKO MENANG

MADIOEN, SOLO en DJOCJA.

Selamanja sedia :

DRILL POETIH, DRILL KLEUR,

KAMHAR, LAKEN, TRICO,

TJITA - TJITA,

TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN,

RENDA - RENDA, MINJAK WANGI,

DASI, KRAAG, KOUSEN,

dan laen - laennja.

SEMOEA BARANG BIKINAN EUROPA.

TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan, wiwit sapoenika kita ngwontenaken persénan. Saben kantong boeboek saking Djoen wonten COUPON MAWI REGI.

Srana nglempakaken kantong dalasan couponipoen, para lengganan badé angsal pépénginanipoen. Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedija :

JAVA KOFFIE No. 1	sa-pond	f 1.—
ROBUSTA " " 1	" "	" 0.80
" " 2	" "	" 0.70

Tanggap tanpa tjampoeran.

Jèn badé njatakaken sadèrèngipoen kopi mlebet ing gilingan, kénging.

Atoer hoeremat,

Toko Djoen & Co.

Arta kertas palseo.

Ing sapoenika wonten kertas dasanan palseo soemabar, tjatjahipoen boten sakedik, lan penggarapipoen samoen sanget. Déné titikanipoen ingkang palseo waoe makaten:

1). Ing loemah ngadjeng pinggiripoen dipoenidjem manda-manda; mangka ingkang toelèn idjem lan petakipoen ketinggal sanget bédanipoen.

2). Ing loemah wingking angka „10” sekawan sami langkoeng djéné tinimbang kalijan kertas ingkang toelèn.

3). Oekara tjara Wlandi ingkang wenten sangandaping tengeripoen „Javasche Bank” pangetjapipoen awon.

Dados ingkang awas!

Processie ing Morangan (Medari).

P. S. Md, martosaken: Anjarengi riadi Dalem Sang Kristoes djoemeng Nata, kala Ngahad 25 Oktober poenika ing Morangan wonten arak-arakan Sakramèn Maha Soetji. Wiwitipoen ± djam 8, bakda Mis. Medal grédja, mawi mlebet doesoan. Ing tengah doesoan wonten rustaltara-ipoen. Lampabing arak-arakan watawis 1 1/2 djam.

Padjangan pasadja, oeroet margi boten kapadjang; namoeng saban énggak-énggokan kaedegan gapoera mawi katatanan ron-ronan toewin gendéra. Grédja prasast boten kapadjang, kedjawi altaar.

Processie (arak-arakan Sakramèn M. S.) poenika agèng lan regengipoen ngoengkoeli ngadat: awit mawi medal saking pakaranganipoen grédja; nalika resik-resik kedah mawi dipoenbantoe ing poenggawa doesoan (kita matoer noewoen sanget); grédja ngantos mawi loebèr; ingkang rawoeh langkoeng katab; sapoenika mawi bruidjes (èdi-tjèti); zangkoer ngantos mawi tigang pantan; tjang ningali temtoe kémawon inggih katab; lan ingkang andjagi tata-tentrem mawi pepak; pandjenenganipoen Assistent W., péloelisi, oepas, loerah lss. Lan ingkang kita aosi, kadjawi sanèsipoen déné tjang ningali sami soemerep tatal

Boten langkoeng moegi-moegi processie samangké poenika andajanana agèng dateng tetjjang ing rikoe ingkang dèrèng ngratoe dateng Sang Nata Kristoes ing salebeting Sakramèn Maha Soetji.

Bikakan pamoelangan Pamongkisma ing Wedi.

Kala tanggal 20 October 1931 ± djam 9 éndjing pamoelangan Pamongkisma (Landbouw-bedrijf) school ing Wedi kabikak kanti officieel. Ingkang sami rawoeh ndjenengi para prijaogeng Soerakarta toewin Klatèn, oepami: Oetoesan dalem Kangdjeng Soenan, oetoesan pepatih dalem, pandjenenganipoen Toewan Resident ing Klatèn, Ingkang Boepati lan Patih ing Klatèn, Ingkang Boepati ing Bajalali, Ass. Resident ing Klatèn, meneer Kasima lss. Kedjawi poenika ingkang toemoet ngramekaken oegi arak-arakan laré-laré angka II ing Wedi (tigang sekolahan namoeng kapendetaken saking klas IV lan V — sagoeroenipoen), tonwin poenggawa pangreh pradja alit-alit ing sakiwa tengenipoen Wedi ngriko sadaja.

Ingkang sesorah pandjenenganipoen Toewan Resident ing Klatèn wosipoen tjekakan

kirang langkoeng kedjawi... ngatoeraken kasoengangan dateng para ingkang sami rawoeh oegi ngendikaken bilih saleresipoen bikakan poenika kedah kelampahan ing sawetawis woelan kapengker, nanging margi alangan warni-warni (oep: margi meneer Kasima tampi benoeman dados warga volksraad), pamoelangan poenika saweg saged kabikak sapoenika. Sedaja moerid teksh moerid lami saking Tegalganda, dipoen pindah mriki soepados damel saènging sabin ing sakiwa tengenipoen. Lan margi poenika saged njaekaken kawontenaning tetanèn.

Moegi moerid - moerid ing sakiwa - tengenipoen ngriki samia seneng, déning adeging pamoelangan mardit tani ingkang wonten ngriki poenika.

Ladjeng oetoesan dalem Ingkang Sinoewoen, wosipoen maringaken barkah dalem dateng adeging pamoelangan poenika.

Bakda poenika oetoesan pepatih dalem, (Mr. Wangsanegara) wosipoen matoer noewoen dateng comite pésta, kedjawi sami kalijan sesorah ingkang sampoen-sampoen mawi nggepok economie sekedik.

Noenten oetoesan Departement van Landbouw Toewan Gotz van der Vet wosipoen bokmenawi soeka pamoedji dateng adeging pawijatan „Pamongkisma” (anggenipoen ngendika lirih, ngantos boten njetakaken para ingkang mirengaken).

Sasampoenipoen poenika ladjeng satoeng-giling laré angka kalih, minangka dados atoe sesoelhipoen laré-laré lan poenggawa doesoan kantja tani sadaja, atoe pamoedji lan njirjosaken babadadegipoen grija pamoelangan, i. p. njarengaken toemboek dalem roemijin. (lan pantji inggih kanggé teteng pangémoet-émoet dinten toemboek dalem — Ketjil).

Telas sesorah - sesorah ladjeng panembrama kinanti „Sriwidada” déning laré angka II. Swantenipoen doemeling ngresepaken, damel trenjoehing raosipoen para matoer agèng alit. Katik malih sekariipoen goebahan Soetapanitran katechist Wedi ingkang pana ing basa Djawi. Saja mindak saènipoen.

Kedjawi poenika antawising sesorah² toewin rawoehing para tamoe agoeng, ndjawi dipoen koermati limrah, oegi dipoen koermati srana gamelan lan muziek, adamel gembiraing manah. Lan pepadjangan pamoelangan ingkang sadjakipoen dipoen tandangi moerid moerid ing ngriko inggih boten ngoetjiwani.

Bakda panembrama, para agoeng ladjeng sami moebeng - moebeng mriksani kamar - kamar internaat, pamoelangan, loemboeng, kandang lemboe lss.

Wiwit rawoehing para tamoe doemoegi sabibaripoen R. T. Martadipoera motret kawontenan sadaja waoe.

Prekawis segahaning para tamoe lan laré², sampoen déné padon, istingarah namoeng damel toeman kémawon. Kinten - kinten djam 11 pista ing Landbouw - bedrijschool bibaran, boten wonten sakara-kara.

Verslaggever

Ketjil.

MANTJA NAGARI.

TIONGKOK — DJEPANG.

Prekawis ing Mantsjoerij taksih roewed. Ultimatum saking Tiongkok dateng Djepang boten éstoe ngangsalaken perang. Ewasemanten prekawisipoen dèrèng loedang. Manoe tilgram-tilgram ing minggo poenika anggenipoen roewed ramé poenika wonten ing rembag, wonten ing moesawaradipoen Volkenbond. O wolak-waliking djaman. Ing sekawit Volkenbond poenika presast dipoenpringaken déning Djepang; nanging sapoenika sampoen sami saged aben rembag; malah Djepang ing semoe radi éring: Djepang gadah poersètèl, Volkenbond boten nampi, malah netepaken poetoesanipoen: „Djepang kedah sanalika miwiti nglebetaken wadya balanipoen wonten salebetipoen gegebengan margi sepoer; lan sadèrèngipoen

tg. 16 November kedah sampoen loemebet sadaja”. Dados jèn boten kelampahan, Djepang badé kapeksa. Dados Volkenbond sapoenika badé ngultimatam Djepang? Dipoen-tosi roemijin.

Nanking kalijan Kanton manoennggil. Kanggé manoennggilaken Nanking kalijan Kanton parté nasional sampoen mendet poetoesan: Tang Shao Yi dados President pamaréntah nasional Eugene Chen dados minister djawi negari; Chiang Kai Shek dados pengageng wadya bala daratan, laotang lan awang-awang.

Emas 105 mlijoen yen medal. Saplokipoen Inggris nilar „gouden standaard” doemoegi tg. 24 Okt. mitoeroet Iwaki-Rengo, Djepang sampoen mboetjal emas dateng man-tja pengaos: 105 mlijoen yen. (1 yen: f 1,25).

NÉDERLAND.

Parté communist. Parté kominis ing Nederland kedjodéran wewadosipoen. (Mriksanana Goetingan pers ing dinten poenika).

Aneta 27. Okt. martosaken bilih, pers ing Djerman ngrembag ramé bab prakawis kedjodéranipoen parté kominis ing Nederland poenika.

Ing Nederland pijambak para pemimpin kominis sami klempakanperloe netepaken kados poendi sapoenika badé tradjanganipoen, djer roemaos kasrimpoeng; lan sami boten saged mangertos, kados poendi sagedipoen nging-gataken asrip waoe, awit sampoen dipoen-simpén ingkang primpén; lan ingkang soemerep panggenanipoen poenika namoeng tjang sekedik, kadosta: tw. Lou de Visser. Amila ladjeng sami sangga-roenggi satoeng-gal dateng satoenggalipoen, lan sami bingoenng.

De Tribune mesti kémawon inggih toemandang badé andorakaken. Ing sekawit namoeng tjirjos manawi wonten ingkang mlè-sèt, toer poenika namoeng magepokan kalijan prekawis sepélé, nanging sareng medal malih, ladjeng mentjak-mentjak.

Perang roti. Kantja damel roti ing Nederland dipoendjori saking Belgi. Sa-éndjing kémawon wonten ing Rotterdam roti wedalan Belgi sampoen padjeng 6000 idji. Lan jèn katingal tarik, sadinten-dintenipoen badé dipoendatengi roti 50.000 idji. Jèn paréntah boten tjawé-tjawé, kantja damel roti ing Nederland mesti badé megap-megap. La kados mekatan poenika kedadosanipoen wewatoning golongan Liberaal: „Laissez faire, laissez aller!” Ja karèbèn sakarepmoe!

Begdjanipoen: pranatan nagari kanggé ngalang-alangi loemebeting roti Belgi sapoenika sampoen dipoen-garap,

BELGIE.

Boten neroesaken damel bè-tèng. Belgie mila ketinggal seng-koet anggenipoen njantosakaken wadya balanipoen: damel bètèng-bètèng poenapa. Nanging sapoenika manoeet Volksgazet anggenipoen damel bètèng boten dipoenteroes-aken. Margi saking poenika saged ngirid 300 mlijoen franc. Lan soe-danipoen poenika badé katandjak-aken ingkang langkoeng maédahi.

PERANTJIS.

Betooging njoewak dadamel ing Paris. Saking ada-adanipoen Lord Cecil ing Paris tg. 27 Novem-ber ngadjeng poenika badé dipoen-wontenaken betooging njoewak dedamel agèng-agèngan. Para pradja sanès sami dipoendjak toemoet.

Parangakik taksih mangoe-mangoe. Massigli, wewakil Perant-jis wonten ing Genève anggelar pamanggihipoen pamaréntah ingkang dipoenwakili ing ngatasipoen poersètèlipoen Grandi, ingkang soepados para pradja samia njetop anggenipoen sami njantosakaken bab kamilitèran. Déné soeraosipoen pemanggih waoe: anti.

DJERMAN — ITALI.

Kok roekoen. Grandi, minister djawi negari ing Itali, sampoen toewi dateng Berlin. Rembagipoen kalijan Dr. Brüning kanti blakan. Ing rikoe tjeta anggenipoen kedah ngwontenaken bedamèn ingkang djembar tebanipoen. Dados Djer-man kalijan Itali badé manoennggil?

Tol Unie Djerman kalijan Oos-tenrijk kémawon sampoen sandé. Poenapa manoennggilipoen Djerma kalijan Itali sapoenika badé sage-kalampahan? Internasionaal Gerecht-shof ing Den Haag poenapa boten badé ngalang-alangi malih?

ITALIE.

Mussolini kalijan Dom (grédja agèng) ing Pavia. Kanggé andadosi Dom Pavia péranganipoen tengen Mussolini sampoen poeroen oeroen, ngrogoh saking kantongipoen pijambak: 150.000 lire; lan ing taoen kapengker kanggé andadosi pérangan kiwa: 30.000 lire.

Angger-angger sadasa kanggé fascist sampoen. Giurianti, secretaris parté fascist, anggijaraken angger-angger sadasa, wewa-toning fascist sampoen: (Roem 13. Sept. '31).

1. Allah lan tanah kalairan; rasa-pengra-sa lan koewadjan lijané tiba ing boeri.

2. Sapa sing ora gelem masrahaké awaké déwé kati goemololang ati marang tanah kalairan, lan ora gelem mitjak mbangoen mitoeroet marang Duce (Mussolini. Red. Sw. Tm.), ora pantes ngangggo kemédjan ireng. Fascisme ikoe ora bisa ndeleng marang wong sing mogol lan kema atiné.

3. Boedimoe enggonen njakoep apa kang didawoehaké, lan kamempengané atimoe enggonen mbangoen mitoeroet.

4. Weroeh tata ikoe ora moeng betjak kanggo predjoerit ana ing barisan, nanging saban dina lan ana ing ngendi baé ija koedoe tansah dielingi.

5. Botjah ala lan moerid sembrana ikoe doedoe fascist.

6. Wektomoe tandjakna meggéné, soe-paja anggonmoe njamboetgawé agawé be-ngah. Lan anggonmoe dolanan ateges nj-boetgawé.

7. Ngcolinakaken nandang lara tan-ngesah, lali marang awakmoe déwé tan-djalok apa-apa, ngladèni tanpa njenjadan, piwales.

8. Tindak betjik ikoe kaja tindaké pra-djoerit; ora mandeg ana ing tengah dalan, nanging koedoe diteroesaké tekan ing poeng-kasan, nganti tapis.

9. Manawa nemoe reribed, élinga, jèn, loewaré doemoenoeng ing tékad kentjeng.

10. Lan saban dina matoera noewoen, marang Allah, déné woes karsa andadèkaké kowé dadi fascist lan wong Itali.

Poenapa poenika boten nama ketak-ketak? Nanging sinten ingkang poeroen njetitèkaken, mesti ladjeng soemerep, jèn sadaja waoe lelandasan: staatsvergoding, pradja-negari kadjèdèraken kalijan Allah. Poenika nama andjoendjoeng pradja-negari langkoeng saking ngekat. Poenika nama raos kebangsan keladoeken! (Cf. Sw. Tm. No. 29, t. II: „Toeking pasaelajan...”).

Ngleresaken lepat.

Ing Swara Tama no. 43, 23 Ockt. poenika wonten lepat radi mbingoenngaken inggih poenika: ing kolom no. 3 katja 1, Pradja Rahajoe titeloep, 19 larik saking „Pamedal koela poenika enz.” wonten temboeng „poen-alangkoeng” leresipoen „poetra langkoeng.”

Sanèsipoen boten ndadosaken poenapa „kadosta sanginggiling Pradjarahajoe léter alit 7 larik saking nginggil „Katoelk” leresipoen Katoelk, „Ameriké” leresipoen Ame-rika, ing kolom no. 2 katja 1, 14 larik saking Tanah Tjina mangginggil, lan „Tionkok” leresipoen „Tiongkok” ing kolom no. 2, katja 4, Mantjanagari, 3 larik mangandap.

Cor.